

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Méthode Panalungtikan**


Panalungtikan ieu digunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Méthode kualitatif nyaéta métode panalungtikan anu digunakeun pikeun nalungtik hiji kondisi objék nu alamiah dimana para panalungtik pikeun instrumén konci. Téhnik ngumpulkeun datana dilakukeun sacara triangulasi (gabungan), analisis datana ogé sipatna kualitatif/induktif, sarta hasil dina panalungtikanna ogé leuwih nandeskeun kana ma'na tibatan generalisasi (Sugiyono, 2019, kc. 9).

Pamarekan kualitatif kalayan métode deskriptif dipaké sabab luyu jeung kasang tukang alamiah panalungtikan ngeunaan ragam basa nu aya dina konten *channel youtube* Fiksi. Pamarekan kualitatif dipilih sabab bisa nganalisis objék anu teu bisa diitung ku angka. Méthode deskriptif ogé ngagambarkeun objék dumasar kaayan nu sistematis, faktual, jeung akurat. Panalungtikan ieu ngadéskripsikeun ngeunaan ragam basa dumasar panyatur, kaformalan, sarta wanda wangun kecap nu aya dina épisode ‘Adik Kakak Yang Lieur’ di *channel youtube* Fiksi Aunurofik.

#### **3.2 Desain Panalungtikan**

Salian métode, dina panalungtikan ogé aya desain panalungtikan nyaéta rarancang pikeun meunangkeun data nu rék ditalungtik. Dina ngalaksanakeun panalungtikan kualitatif deskriptif aya sababaraha langkah nu ngawengku (a) milih masalah, (2) ngumpulkeun bahan anu rélevan, (3) nangtukeun stratégi jeung kamekaran instrument, (4) ngumpulkeun data, (5) ngolah data, jeung (6) nyieun hasil panalungtikan. Sangkan dina ngalaksanakeun panalungtikan leuwih babari, digunakeun desain panalungtikan saperti di handap ieu.

### Bagan 3. 1 Desain Panalungtikan



### 3.2 Sumber Data Panalungtikan

Arikunto (2010, lc. 129) nétélakeun yén sumber data panalungtikan nyaéta subjék pikeun ngahasilkeun data. Dumasar kana judul panalungtikan, Sumber data dina ieu panlaungtikan nyaéta transkrip vidéo dina episode 'Adik Kakak Yang Lieur' di *channel youtube* Fiksi Aunurofik. Sedengkeun data anu ditalungtik nyaéta 8 episode.

Kontén vidéo anu ditalungtik épisode ‘Adik Kakak Yang Lieur’ di *channel youtube* Fiksi Aunurofik, diapungkeun ku akun Fiksi ti taun 2019 nepi ka taun 2021. Kontén vidéo anu dipilih nyaéta vidéo nu aya sababaraha episode, sabab miboga jalan carita, lakon-lakon anu puguh, jeung caritana bersambung. Jumlah durasi ngawengku dina 8 episode téh aya 1 jam 23 menit.

**Tabel 3. 1 Transkripsi Kontén Channel youtube Fiksi**

No.	Judul Kontén	Waktu diapungkeun	Durasi
1.	ADIK KAKAK YANG LIEUR – EPISODE 1	08/04/2019	3:33
2.	ADIK KAKAK YANG LIEUR – EPISODE 2	17/06/2019	5:44
3.	ADIK KAKAK YANG LIEUR – EPISODE 3	27/08/2019	10:43
4.	ADIK KAKAK YANG LIEUR - EPISODE 4	01/12/2019	11:26
5.	ADIK KAKAK YANG LIEUR – EPISODE 5	29/01/2020	13:10
6.	ADIK KAKAK YANG LIEUR – EPISODE 6	21/05/2020	10:30
7.	ADIK KAKAK YANG LIEUR – SPESIAL RAMADHAN	02/05/2021	12:52
8.	ADIK KAKAK YANG LIEUR TERBARU	27/11/2021	15.35

### 3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun dina panalungtikan pikeun ngumpulkeun data ngagunakeun métode simak tanpa libat cakup kalawan téhnik dokuméntasi. Métode ieu dipaké sabab teu ngilu ilubiung sacara langsung dina pagunemanna, tapi ngan saukur niténan (Muhammad, 2011, kc. 208).

Ku kituna, panalungtik ngan saukur niténan vidéo dina akun youtube Fiksi Aunnurofik. Téhnik ngumpulkeun téks atawa dokuméntasi, ku cara ngumpulkeun data tina sumber tinulis (Sudaryat, 2004, kc. 57). Léngkah-léngkah ngumpulkeun data saperti ieu dihandap.

- 1) Ngaobsérvasi data anu aya dina vidéo;
- 2) Muka channel youtube Fiksi jeung ngunduh vidéo épisode ‘Adik Kakak Yang Lieur’ di *channel youtube* Fiksi Aunnurofik;
- 3) Niténan jeung ngalakukeun kagiatan transkripsi dina vidéo dina youtube, kana wangun tulisan dina *Microsoft Word*.
- 4) Nyalin omongan ragam basa kana kartu data, jeung
- 5) Méré nomer kode data.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Sugiyono (2013, kc. 305) nétélakeun yén dina panalungtikan kualitatif nu jadi instrumén panalungtikan nyaéta panalungtik éta sorangan. Instrumén panalungtikan digunakeun pikeun ngarojong léngkah-léngkah operasional panalungtikan utamana nu aya pakaitna jeung téhnik pangumpulan data. Instrumén nu digunakeun nyaéta aplikasi *youtube* jeung kartu data.

#### 1) Aplikasi Youtube

Aplikasi youtube dipaké pikeun niténan jeung ngunduh vidéo kontén youtube Fiksi. Youtube nyadiakeun fitur unduh pikeun ngababarikeun niténan vidéo sacara *offline*.

## 2) Kartu Data Digital

Kartu data digital dipaké pikeun ngumpulkeun data ragam basa tina hasil transkripsi youtube.

**Tabel 3. 2 Conto Kartu Data**

No.	Kode Data	Data

Katerangan:

AKYL = Adik Kakak Yang Lieur

E4 = Episode 4

290120 = Tanggal midang vidéo Adik Kakak Yang Lieur Episode 4, 1 Désémber 2019

F = Fiksi (Panyatur 1)

### 3.5 Téhnik Ngolah Data

Téknik analisis data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta analisis unsur langsung. Analisis dilakukeun ku cara nganalisis unsur-unsur basana sorangan. Ku kituna, léngkah nganalisis atawa ngolah data dina ieu panalungtikan saperti di handap.

- 1) Niténan deui data ragam basa nu geus dikumpulkeun.
- 2) Nyieun papasingan data ragam basa dumasar panyatur, kaformalan, jeung wanda wangun kecap anu aya dina kontén *channel youtube* Fiksi.
- 3) Nganalisis ragam basa dumasar panyatur, undak usuk basa, jeung wanda wangun kecap anu aya dina kontén *channel youtube* Fiksi.
- 4) Ngadéskripsikeun ragam basa dumasar panyatur, undak usuk basa, jeung wanda wangun kecap anu aya dina kontén *channel youtube* Fiksi.

- 5) Napsirkeun pola ragam basa dumasar panyatur, undak usuk basa, jeung wanda wangun kecap anu aya dina kontén *channel youtube* Fiksi.
- 6) Nyieun kacindekan dina data anu geus dianalis